



Built to Lead

Pou Piblikasyon Imedya: 02/11/2016

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO LANSE EKIP TRAVAY FWA ETA A POU REKÒMANDE
AMELYORASYON POU PWOGRAM RENOVASYON FWA ETA A**

***Gouvènè a Nonmen Nouvo Ekip pou Devlope Plan pou Faz De Plan Direktè Gwo
Fwa Eta a (State Fair Master Plan)
Rekòmandasyon yo Ap Apiye sou Sikse Fwa 2016 Eta a ak Kwasans Patisipasyon
Rekò Kontini***

***Gouvènè a Anonse Fwa 2016 Eta a Resevwa To Opinyon Favorab Rekò de Vizitè
yo; 87 Pousan Patisipan nan Fwa yo te Gen Opinyon Favorab sou Amelyorasyon
Fwa 2016 la***

Gouvènè Cuomo te anonse jodi a, nominasyon yon nouvo ekip travay k ap bay rekòmandasyon pou amelyore Gran Fwa Eta New York la (Great New York State Fair) pi plis. Ekip Travay la ap rekòmande amelyorasyon pou Faz De Plan Direktè Fwa Eta a epi evalye opsyon yo pou maksimize investisman istorik Eta a epi devlope ekonomi rejyon an. Rekòmandasyon Ekip Travay yo ap apiye sou gwo plan 50 milyon dola eta a pou revitalize pak ekspozisyon istorik nan Konte Onondaga a. Eta a ap investi yon montan siplemantè 50 milyon dola pou achèyman Faz De Plan Direktè a, pandan y ap tann rekòmandasyon Ekip Travay la ak sipò Lejislatif la.

Gouvènè a te anonse Fwa Eta New York 2016 la (2016 New York State Fair) – ki jenere pi gwo nivo patisipasyon nan istwa 175 ane li a – te resevwa to opinyon favorab rekò nan kad investisman istorik pou transfòme pak ekspozisyon an. Sondaj anyèl sou fwa a te jwenn ke 87 pousan patisipan nan Fwa 2016 Eta a te bay yon opinyon favorab sou pak ekspozisyon an ane sa. Fwa a te resevwa opinyon favorab tou pou jan li akeyan pou fanmi ak pri ki abòdab. Gouvènè a te fè anons sa yo epi mete aksan sou sikse Gran Fwa Eta New York 2016 la nan aktivite a jodi a nan Syracuse.

Gouvènè Cuomo te di: “Soti nan Baryè Prensipal (Main Gate) ak Pak Empire RV la rive nan Midway ki pwolonje a, n ap ramne Fwa Eta New York la nan 21^{yèm} syèk la pou montre bote New York Santral la a plis vizitè – e rekò patisipan ane sa a se yon prèv pozitif ke investisman nou yo ap fonksyone. N ap kontinye konsantrasyon nou ki renouvle sou fwa a pou estimile touris nan rejyon an epi fè ekonomi an pwogrese. M ap atann pou resevwa rekòmandasyon Ekip Travay yo nan sezon otòn sa epi eksplòre nouvo fason pou transfòme youn nan pi gwo atou New York Santral yo an yon jeneratè ekonomik pandan tout ane a.”

Delege Agrikilti Eta a e Ko-Prezidan Ekip Travay Fwa Eta a, Richard A. Ball te di: “Plan 50 milyon dola Gouvènè a, reyèlman reenvante Fwa Eta a, pandan li rete reyèl ak konsantrasyon li sou agrikilti, bon manje ak mizik ak amizman an fanmi. Chanjman yo klèman reponn ak gran antouzyas e fowl rekò sa pwouve ke li te make yon pwèn ki favorab. Siksè ane sa reafime tou enpòtans li kòm yon gwo motè ekonomik pou NY Santral ak Eta a e li enpòtan anpil pou n kontinye investi nan kwasans li. M ap tann diskisyon nouvo ekip travay la, ki san dout, ap bay kòmante ki valab ak ide inovan sou faz 2 plan yo k ap mennen Fwa Eta New York la nan yon lòt nivo.”

Direktè Enterimè Fwa a, Troy Waffner te di: “Li te agreyab pou wè patisipan yo te dakò ak vizyon Gouvènè a pou yon Pak Ekspozisyon (Fairgrounds) ki revitalize, e kèk nan patnè kle nou yo ap chèche fason pou devlope biznis yo akòz renovasyon yo. Ekip òganizatè Fwa nou an te travay di pou ofri moun yo meyè Fwa nan long istwa nou nan bèl kay nèf nou an, e n avanse nan travay di ki nesèsè pou rann dezyèm faz pwojè a yon siksè ki pi gran ankò.”

Amelyorasyon Faz De yo nan Fwa Eta a

Gouvènè a te chaje nouvo ekip travay la pou fè lòt rekòmandasyon epi devlope ide nouvo pou Faz De investisman Eta a k ap kontinye nan pak ekspozisyon an. Rekòmandasyon yo ap baze sou siksè amelyorasyon 50 milyon dola eta a nan pak ekspozisyon an nan Faz En an. Amelyorasyon Faz En yo te debite nan Fwa 2016 Eta a e yo te enkli, yon nouvo Baryè akèy Prensipal, yon Pak Empire RV ak espas ouvè pou machann yo ak yon espas Wade Shows Midway ki rekonfigire.

Ekip Travay la ap reyini nan mwa novanm nan pou revize Plan Direktè Pak Ekspozisyon an (State Fairgrounds Master Plan) ki te devlope nan lane 2015 lan, epi bay Gouvènè a rekòmandasyon pou lòt opòtinite investisman nan fen ane a.

Ekip Travay la ap konsantre espesyalman sou:

- Opsyon amelyorasyon transpò ant anfiteyat Onondaga Lake la rive nan pak ekspozisyon an pou patisipan yo ka pwofite pi plis ke posib de enstalasyon modèn sa pandan vizit yo;
- Abòde pwoblèm transpò piblik ak paking nan antouraj fwa a pou akomode kantite patisipan k ap ogmante yo pi byen epi rann li pi fasil pou moun antre epi soti nan fwa a;
- Konstriksyon patenarya ant Konte a ak vilaj Solvay pou konekte travay ki te fèt sou Milton Avenue an ak sa ki te fèt sou tout pasaj Bridge Street la;
- Fason pou asire ke fwa a rete yon vitrin premye klas mondyal pou antreprenè Taste NY nou yo epi enfluyanse sektè byè, diven, bwason alkòl distiye, yogurt, fwomaj, siwo erab yo.

Prezantasyon Delege Ball te bay nan evènman jodi a, disponib [isit la](#).

Manm Ekip Travay Fwa Eta Gouvènè a se:

- **Joanie Mahoney**, Kad Egzekitif Konte Onondaga – Ko-Prezidan

- **Richard Ball**, Delege Depatman Agrikilti ak Mache (Department of Agriculture and Markets) – Ko-Prezidan
- **Senatè John DeFrancisco**
- **Senatè Dave Valesky**
- **Senatè Patty Ritchie**
- **Manm Asanble Bill Magnarelli**
- **Manm Asanble Pam Hunter**
- **Manm Asanble Bill Magee**
- **Manm Asanble Al Stirpe**
- **RoAnn Destito**, Delege Biwo Sèvis Jeneral Eta New York (NYS Office of General Services)
- **Matthew Driscoll**, Delege Ministè Transpò Eta New York (NYS Department of Transportation Commissioner)
- **Rick Fedrizzi**, PDG, International Well Building Institute
- **Charlie Smith**, Populous Group
- **Eric Mower**, Prezidan e PDJ Eric Mower and Associates
- **Cristyne Nicholas**, Nicholas & Lence Communications
- **John Trimble** – C&S Engineers
- **Frank Zaitshik** – Wade Shows
- **Brian Schuman**, Fair Productions
- **Eugene Cassidy**, PDG, Big E
- **Richard Lee** – CENTRO
- **Rob O’Conner** – The Nationals

To Opinyon Favorab Rekò pou Gran Fwa Eta New York 2016 la

Gran Fwa Eta New York 2016 ki fèk transfòme a te resevwa to opinyon favorab rekò nan kad investisman istorik eta a pou transfòme pak ekspozisyon an. Sondaj anyèl sou satisfaksyon kliyan an Fwa Eta New York la te fè a te jwenn ke 87 pousan nan patisipan yo te ankete yo kwè ke chanjman nan pak ekspozisyon an yo te pozitif, e 70 pousan te evalye chanjman yo kòm chanjman ki trè favorab. Sa se to ki pi wo yo jwenn depi sondaj la te kòmanse an 2008.

Lè yo te mande moun yo entèwoje yo ki amelyorasyon yo te remake, kantite ak objè yo te mansyone yo se: “plis espas oubyen ouvèti”, a 44 pousan ak yon pousantaj 88 pousan ki te bay yon opinyon favorab pou “kesyon ouvèti a”. Anplis, 29 pousan moun yo te entèwoje yo te mansyone nouvo Baryè Prensipal la (Main Gate), ak yon pousantaj 90 pousan ki te bay opinyon favorab, e 24 pousan te mansyone nouvo Midway la, kote 97 pousan nan patisipan fwa a te fè yon eksperyans ki pozitif.

Fwa a te resevwa pi gwo to opinyon favorab ke jamè pou pri abòdab, kote 79 pousan patisipan yo entèwoje yo te twouve fwa a te swa on ti jan gen pri abòdab oubyen gen pri ki trè abòdab – yon pousantaj 10 pwen anplis sa ane pase a. Wade Shows Midway ki revitalize nan nouvo kay ki pi gwo a te anrejistre nivo pwen ki wo tou nan istwa sondaj la, kote 97 pousan moun yo entèwoje yo deklare eksperyans Midway a trè pozitif. Anplis, 85 pousan nan patisipan yo te entèwoje yo te twouve fwa a te gen bon anbyans

famlyal, ak 52 pousan ki deklare akèy famlyal la te ogmante depi dènye vizit yo.

Ekspozisyon agrikòl yo rete youn nan twa premye bagay vizitè yo renmen konsènan fwa a e patisipasyon nan anpil nan ekspozisyon sa yo te ogmante nan fason ki enpòtan. Blding Pwodwi Letye (Dairy Products Building) a se blding ki te pi vizite nan ekspozisyon agrikòl la kote 85 pousan nan patisipan fwa a te pase vizite pa rapò ak 63 pousan ane pase a. Eskilti bè ak fwomaj yo kontinye atire gran foul tou. Katreven uit pousan nan patisipan yo te vizite atraksyon popilè sa yo. Blding Ôtikilti (Horticulture Building) a se twazyèm ekspozisyon ki te pi vizite, ki atire 66 pousan nan patisipan yo. Anplis, yon tradisyon prefere depi lontan Dairy Cow Birthing Center, te resevwa to satisfaksyon ki pi wo nan tout ekspozisyon yo kote 83 patisipan te bay yon opinyon ki trè favorab pou eksperyans lan.

Plis pase 600 patisipan nan fwa a te patisipe nan sondaj 59 kesyon Fwa a fè sèt fwa depi 2008 e chak ane depi 2013. Se CCRG Marketing ki te mennen entèvyou sondaj la pou fwa a.

Patisipasyon Rekò

Gran Fwa Eta New York 2016 la te pwodwi pi wo nivo [patisipasyon](#) ak yon kantite vizitè rekò: 1,117,630. Envestisman 50 milyon dola Gouvènè a nan pak ekspozisyon an – ki enkli yon nouvo akèy Baryè Prensipal (Main Gate), espas ouvè pou machann yo ak Midway li, ak yon kanpay maketing I LOVE NEW YORK ki koute 1 milyon dola – te atire pi gwo foul fwa a te janm genyen nan istwa 175 lane li a. Wade Shows Midway ki pwolonje a bat rekò nan revni ak kantite pwomnad, pandan patisipan yo te rasanble nan liy mizik ak atis mizik Fwa aa. Pak Empire RV pak ekspozisyon yo te vann tout kat li yo.

Kad Egzekitif Konte Onondaga e Ko-Prezidan Ekip Travay Fwa a, Joanie Mahoney te deklare: “Envestisman istorik Gouvènè Cuomo a pou revitalize pak ekspozisyon an bay pi gwo reyisit Fwa Eta a genyen nan istwa li, e ak sipò kontini eta a, n ap kontinye fè l pwogrese. Nouvo Fwa Eta New York la se yon senbòl revitalizasyon rejyon nou an ann antye e mwen remèsye Gouvènè Cuomo pou angajman li pou fè New York Santral pwogrese. Mwen fyè pou wè pwogrè nou fè yo e mwen fyè pou sèvi nan ekip travay la, ki ede fè fwa nou an pi gwo e pi bon e kenbe ekonomi nou an an mouvman.”

Senatè John DeFrancisco te di: “Fwa Eta a reprezante anpil meyè aspè nan Eta New York, e chak ane nou fyè pou n akeyi plizyè santèn milye rezidan ak vizitè ki sanble ki vini pou eksperimente ekla fwa a. Mwen konte pou an mezi pou jwe yon wòl pou konstwi siksè efò revitalizasyon Fwa Eta New York la e mwen gen konfyans ke New York Santral ap benefisye de sa. Mwen remèsye Gouvènè Cuomo pou angajman l nan revitalizasyon Fwa Eta a.”

Senatè David Valesky te di: “Mwen aplodi Gouvènè Cuomo pou angajman kontini li nan New York Santral. Nan ane ki pase yo, nou te remake yon flo travay, opòtinite biznis ak envestisman prive e nouvo konsantrasyon sa sou Gran Fwa Eta New York la ap kenbe enèji sa pou l pwogrese. Ekip travay sa ap enkli kontribisyon ekspè ak lidè lokal yo k ap pwodwi meyè ide pou asire fwa a rete yon cham pou New York Santral.

Mwen remèsye Gouvènè Cuomo paske li konvoke ekip travay sa e mwen pa ka tann pou wè sa nou pral reyalize nan mwa k ap vini yo.”

Senatè Patty Ritchie te di: “Ekip Travay la ap anvizaje kijan pou l amelyore Fwa a epi maksimize benefis ekonomik li pou rejyon an, lè n apiye sou siksè san parèy Fwa a te genyen ane sa. Angajman Gouvènè Cuomo pou ekspoze sektè agrikòl k ap devlope eta sa enkòpore nan investisman rekò eta a ak siksè fiti fwa a k ap kontinye sipòte repriz ekonomi New York la. Ekip Travay sa ap ale lwen pou rive nan fason pou sekirize wòl Fwa sa antanke yon jeneratè ekonomik enpòtan pou rejyon an e mwen fyè pou mete men nan li.”

Manm Asanble Bill Magnarelli te di: “Fwa a ak plis pase 150 evènman ki fèt sou Pak Ekspozisyon an chak ane se pi gwo kontribitè nan ekonomi New York Santral la. Vizyon Gouvènè a pou revitalize fwa a rekonpanse nan yon gwo fason ane sa e lòt investisman y ap fè nan fwa sa nan 21^{yèm} syèk la ap kontinye kreye revni ak aktivite ekonomik pou rejyon an. Mwen enpasyon pou m travay sou anpil ide pasyonan pou kontinye mennen kwasans nan Pak Ekspozisyon an.”

Manm Asanble Pamela Hunter te di: “Revitalizasyon New York Santral te antreprann ak Gouvènè Cuomo a te ekstraòdinè, e Fwa Eta a se yon kouwòn siksè pou rejyon an. Lè n atire vizitè ak revni nan New York Santral, Fwa a se yon atou ki vital pou soutni ekonomi an, e Ekip Travay sa ap mennen Fwa a nan lòt nivo lè l kreye aktivite ekonomik ankò. Mwen enpasyon pou wè sa n ap reyalize ankò nan tan k ap vini yo.”

Manm Asanble Al Stirpe te di: “Fwa Eta a se youn nan tradisyon New York Santral pi fyè de li e chak ane li mennen touris ak aktivite ekonomik nan rejyon an. M ap travay ak Gouvènè Cuomo ak patnè m yo nan lejislati a pou kontinye angajman nou nan fwa a e investisman 50 milyon dola eta a nan baryè prensipal, nan nouvo Pak RV ak nan Midway la, Fwa Eta 2016 a se fwa ki pi reyisi nou te janm genyen depi plizyè deseni. Mwen enpasyon pou wè kisa Faz De a ap pote e mwen onore pou sèvi nan ekip travay sa kote n ap kontinye rann fwa a pi bon chak ane.”

Manm Asanble Bill Magee te di: “Pandan anviwon de syèk, Gran Fwa Eta New York la se yon tradisyon fyète Eta New York, e Ekip Travay sa ap re-imaginer Fwa a pou lavni. Pi gwo investisman Fwa a sou lidèchip Gouvènè Cuomo yo gen tan gen yon efè ki transfòme, jan rezilta ak to opinyon favorab rekò yo pwouve l la. Nouvo etab Ekip Travay la etabli yo ap atire plis vizitè ankò pou admire mèvèy fwa a epi kontribye nan kwasans ekonomi rejyon an.”

Franz Zaitshik, PDG Wade Shows, e Manm Ekip Travay Fwa Eta a te deklare: “Nou kontan vin avèk midway ki pi akse sou envite yo nan Gran Fwa Eta New York 2016 la. Ak gwo investisman eta a nan pak ekspozisyon an, ki asosye ak ekipman klas mondyal nou yo ak nouvo pwomnad nou yo, n ap transfòme midway la an yon pak amizman san parèy, premye klas pou fanmi yo. Mwen fyè pou m fè pati repriz fwa a e mwen rekonesan a Gouvènè Cuomo pou lafwa li nan nou pou travay antanke yon patnè nan kwasans kontini youn nan pi gran fwa nan Amerik la.”

Enfòmasyon sou Fwa Eta New York la

[Fwa Eta New York](#), la ki òganize pa [Depatman Agrikilti Eta New York ak Mache yo \(New York State Department of Agriculture and Markets\)](#), ap kòmanse 24 out rive 4 septanm 2017. Misyon Fwa a se pou montre sa ki pi bon nan Agrikilti New York pandan l ap bay bon jan kalite amizman.

Kote yo fè Gwo Fwa Eta New York la se yon konplèks pou espektak ak espozisyon ki mezire 375 kawo eki fonksyone pandan tout ane a. W ap jwenn [pwogram evènman](#) kap fèt pandan yon ane sou [website](#) Fwa-a. Ou kapab jwenn [Gwo Fwa Eta New York la sou Facebook](#), swiv li nan [@NYSFair sou Twitter](#), sou Snapchat nan nysfair, epi pwofite gade foto Fwar lan yo sou [Flickr.com/photos/nysfair](#).

Nou envite tout Nouyòkè pou yo voye nenpòt lide yo genyen sou Gro Fwar Eta New York la nan statefairideas@agriculture.ny.gov.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418